

TATA PANGIBADAH GKJ KOTAGEDE

===== | Minggu, 23 Agustus 2026 ~ Jam 07.00 (Minggu Biasa/Wulan Kebangsaan) | =====

Pamaosing pawaros pasamuwan

TIMBALAN PANGIBADAH

Prdt.: Para Sadherek, pangucap sokur kita unjukkaken wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang paring kanugerahan dhateng kita lumantar nagri Indonesia ingkang endah. Wonten ing pangibadah menika, kita kaemutaken dhateng tanggel jawab kita kangge ngrimat gesang tetunggilan, ngupadi kaadilan saha nresnani sedaya tiyang tanpa beda-bedakaken. Sumangga kita nyawisaken dhiri kangge ngabekti dhateng Gusti ingkang tansah makarya ing sauruting lelampahan bangsa Indonesia.

Sumangga kita purwakani pangibadah enjang punika kanthi ngrepekaken **KPJ 2: 1,2 “Allah Maha Suci”**, kita repekaken kanthi jumeneng.

- 1) Allah Maha suci, kula asung puji ing pangibadah puniki,
Agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya.
Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.
- 2) Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya kawula nlangani dosa.
Mugi angapunten sarta nucèkaken, temah gesang kula ayem.
Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.

VOTUM lan SALAM *(jumeneng)*

Pdt: Pangibadah punika kita senger kanthi pengaken: Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tukung pitulungan kita. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing para sedherek sedaya. Amin

ATUR PAMBUKA *(lenggah)*

Imam: Pasamuwan ingkang dipun-tresnani Gusti, sajarah bangsa kita nyathet bilih kamardikan Indonesia menika lair saking reroncenipun kaputusan-kaputusan ingkang tuwuh saking sikep wantunipun para pahlawan saha pejuang. Tetep mendel lan rumaos sekeca wonten ing wekdal penjajahan, utawi wantun nemahi resiko kangge kamardikaning bangsa. Para pahlawan saha pejuang milih kaputusan ingkang leres supados bangsa Indonesia nampi kamardikanipun, senadyan ngetohaken bandha lan nyawa.

Ing dinten menika, ing satengahing jaman ingkang sangsaya ruwet, Gusti mapanaken kita wonten ing bumi Nusantara, mboten supados dados tiyang

ing kang ajrih. Kita kautus supados wantun mratelakaken bebener, wantun nuwuhaken kaadilan, saha wantun mendhet kaputusan ing kang leres kangge kasaenanipun bangsa. Sanadyan kaputusan menika mboten populer utawi wonten resikonipun. Taksih kathah pakaryan saha tanggel jawab kita kangge nggayuh kamardikaning Indonesia ing kang sajati. Kanthi kebaking kabingahan.

KIDUNG PAMBUKA

Imam: Sumangga kita puji asmanipun Gusti saking **KPJ 31: 1,2 “Swawi Prasuci Nyawiji”**

- 1) Swawi prasuci nyawiji tunggal ati, sami ngabekti memuji mring Gusti.
Ajrih, sumelang, sedhik, lan kasangsaran ginantos kabegjan sihing Pangeran
- 2) Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbengrat, ngetang mukijjat lan gunging sih-rahmat. Lubering berkah sing swargi tansah tumrah, nyantosakken manah, nyirnakken semplah.

PANGAKENING DOSA

Pdt: Sumangga kita tampi angger-angger katresnan saking Gusti kados ing kang sinerat ing **Mateus 22: 37-40**, ing kang makaten:

Paring wangsulane Gusti Yesus: “Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe. Kabeh isining Toret lan kitabe para nabi iku gumantung karo angger-angger loro mau.”

Pasamuwan ing kang kinasih, mboten wonten setunggal kémawon ing antawis kita ing kang saged netepi dhawuh punika kanthi sampurna. Kita langkung asring ngasihi dhiri kita piyambak katimbang ngasihi Gusti lan sesami, pramila mangga kita nélakaken keduwung lan pamratobat kita, kanthi pandonga sacara pribadi.

[Ening sawetawis / pandonga pribadi]

Pdt: Dhuh Gusti, makaten sadaya pangakening dosa-dosa kawula ing kang kawula unjukaken kanthi tulusing manah dhumateng Paduka. Kawula nyadhong sih-kawelasan Paduka. Mugi paring pangaksama. Amin.

KIDUNG PANELANGSA

Imam: Pasamuwan ing kang kinasih, sumangga kita nelangsani dosa-dosa kita, kanthi ngrepekaken kidung panelangsa saking **KPJ 98: 1,3 “Wong Kang Kamomotan Dosa”**

- 1) Wong kang kamomotan dosa, Gusti ungsénana.
Agung sih pangapuntennya mring wong kang pracaya.
Refr. Pracayaa, pracayaa mung pracayaa!
Gusti kwasa, Gusti kwasa ngluwari sira.
- 3) Gusti kang dadi marganya mrih tumekeng swarga.
Saben wong kang angugemi, sinembadan yekti....**Refr...**

PAWARTOS SIH-RAHMAT

Pdt: Tumrap saben tiyang ingkang nelangsani dosa-dosanipun, Gusti Allah ingkang Mahaasih karsa paring sih pangapuntèn. Tampenanan pawartos sih rahmat peparinge Gusti kados ingkang sinerat wonten ing **Efesus 1:7-8**, ingkang makaten:

“Srana sédané Sang Kristus kita wis dimerdikakaké; kuwi tegesé dosa kita wis kaapura. Iba gedhéné sih-rahmaté Allah, sing kaparingaké marang kita kanthi lubèr, lan tumindaké manut pangertèn lan kawicaksanané”

Mekaten pawartos sih rahmatipun Gusti

KIDUNG KASANGGEMAN (*jumeneng*)

Imam: Kita tanggapi pawartos sih rahmat saking Gusti punika kanthi ngrepekaken Kidung Kasanggeman saking **KPJ 136: 1,4 “Rahayu Wong Wedi Asih”**. Kita repekaken kanthi jumeneng

- 1) Rahayu wong wedi asih mring Pangéran Yéhuwah,
rameng gawé sepi pamrih, kasengsem sabdèng Allah.
Wong bener wah ngabekti slamanya dèn berkahi lan turuné lestari.
- 4) Wong awatak welas-asih mring kang miskin wah ringkih
kanggonan luhuring budi wah kamulyaning ati.
Wong duraka mung mèri, ngrantam kang mbilaèni; pituwasé pepati.

PALADOSAN PANGANDIKA (*lenggah*)

- **Pandonge Eplikese** (*nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

- **Pamaosing Kitab Suci**

PS : Waosan Kitab Suci kapethik saking Rahayu ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti saha sami dipun estokaken. Haleluya!

J : (*ngrepekaken*) **Haleluya!**

- **Khotbah**

- **Wekdal Ening**

PANDONGA SAFAAT kapungkasan DONGA RAMA KAWULA (*kakidungaken*)

PISUNGSUNG SOKUR (*dening pradata*)

▪ Dhasar Pisungsung → Efesus 5: 20

“Tansah padha saosa sukur marang Gusti Allah, Sang Rama, tumrap samubarang, ing Asmané Gusti kita Yésus Kristus”.

▪ Kidung Pisungsung → KPJ 186: 1,3 “Urip kang Samesthine”

- 1) Urip kang samesthine, lamun tansah ngucap sukur,
Neng ngarsane Sang Kristus, tan pantes takabur.
Refr. Jroning susah lan bungah sadhengah kaanan,
Aku angidung memuji sukur, yeku karsa-Nya!

Kantong pisungsung kaedaraken, kairing instrumen.

*Sasampunipun kantong kaedaraken, **Pasamuwan Tetep Lenggah** lan ngidungaken pada saklajengipun*

- 3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sukur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus....**Refr...**

▪ Pandonga Pisungsung

PANGAKEN PITADOS RASULI (*jumeneng*)

Imam: Pasamuwan kasuwun jumeneng, Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhengah wekdal lan papan, sumangga kita ngénggalaken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang makaten: **Kawula pitados.....**

PANGUTUSAN lan BERKAH

Pdt: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti. Dadosa seksinipun Gusti wonten ing pundi papan, lan panjenengan tampi berkahipun Gusti: Sih rahmatipun Gusti Yesus saha sihipun Gusti Allah tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci wonten ing para sedherek sedaya. Amin.

KIDUNG PANUTUP

KPJ 447: 1,2 "Pra Abdining Gusti"

- 1) Pra abdining Gusti, padha prayitna ing perang rohani. Ywa kongsi lena, ngrasuka kayekten wah kaadilan, sanadyan tumiba ing kasangsaran.
Refr. Yekti Iblis culika lan julig maeka di tegen ndendonga, Gusti kang ngreksha.
- 2) Pra putraning Allah, padha den panggah setya dadi seksi Injiling Allah.
Nyanggemi dhawuhnya kang trus ing ati, manteb ing pracaya tumekeng janji.
Refr. Yekti Iblis culika lan julig maeka di tegen ndendonga, Gusti kang ngreksha.